**दिन–बुधवार** **दिनांक–14.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू अठहत्तरम् स्वंतत्रता दिवसक पूर्व संध्या पर आइ सांझ सात बजे राष्ट्र के सम्बोधित करतीह। ई सम्बोधन आकाशवाणीक सभ नेटवर्क पर प्रसारित कयल जायत। आकाशवाणी अपन क्षेत्रीय नेटवर्क पर राति नओ बाजि कऽ तीस मिनट पर एकर क्षेत्रीय भाषाक संस्करण प्रसारित करत। राष्ट्रपतिक सम्बोधन दूरदर्शनक सभ चैनल पर पहिने हिन्दी आ ओकर बाद अंग्रेजी मे प्रसारित कयल जायत।

---

राष्ट्रपतिक देशक नाम सम्बोधनक कारणे आकाशवाणीक पटना केन्द्र सँ सांझ साढ़े सात बजे प्रसारित होबयवला प्रादेशिक समाचार बुलेटिनक समय मे परिवर्तन कयल गेल अछि। आइ ई बुलेटिन सांझ छओ बाजिकऽ पैंतीस मिनट सँ प्रसारित होयत। ओतहि, जिले की हलचल सांझ छओ बाजिकऽ बावन मिनट पर प्रसारित कयल जायत।

---

आइ देश विभाजन विभिषिका स्मृति दिवस मनाओल जा रहल अछि। वर्ष उन्नैस सय सैंतालीसक विभाजन मे विस्थापित आ पलायन कऽ चुकल लोकक स्मरण मे ई दिवस मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक सोशल मीडिया पोस्टक माध्यम सँ विभाजनक पीड़ा झेंलि चुकल लोकसभ के स्मरण कयलनि। ओ कहलनि जे आइ हुनका सभक साहस के सम्मान करबाक दिन अछि।

---

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत आइ नव दिल्ली स्थित अपन आवास पर राष्ट्रीय ध्वज फहरौलनि। श्री शाह सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे कहलनि जे तिरंगा करोड़ो भारतवासीक एकता, निष्ठा आ गौरवक प्रतीक रूप मे सदैव लहराइत रहत। हर घर तिरंगा अभियान देशवासी लोकनि मे राष्ट्रभक्तिक भावना बढेबाक लेल नओ सँ पन्द्रह अगस्त धरि सम्पूर्ण देश मे मनाओल जा रहल अछि। सरकार लोकसभ सँ आग्रह कयलक अछि जे ओ अपन घर पर तिरंगा फहराबथि आ तिरंगाक संग एक सेल्फी लऽकऽ हर घर तिरंगा वेबसाइट पर अपलोड करथि।

———————————————————

प्रदेश मे सेहो हर घर तिरंगा अभियान के लऽकऽ विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। स्कूली छात्र लोकनि सेहो एहि मे बढ़ि–चढ़ि कऽ भाग लऽ रहल छथि। एहि अभियान के लऽकऽ प्रदेश भाजपाक दिस सँ राज्यभरि मे तिरंगा यात्रा आ रैली निकालल गेल।

———————————————————

मिथिला चित्रकलाक लब्धप्रतिष्ठित कलाकार पद्मश्री गोदावरी दत्त के आइ मधुबनी मे निधन भऽ गेलनि। उन्नैस सय तीस मे दरभंगा जिलाक लहेरिया सराय स्थित बहादुरपुर गाम मे जनमल गोदावरी दत्त के उन्नैस सय अस्सी मे राष्ट्रीय पुरस्कार, दू हजार छओ मे शिल्प गुरू पुरस्कार आ दू हजार उन्नैस मे पद्मश्री पुरस्कार सँ सम्मानित कयल गेल छलनि। हिनक पेंटिंग के देश–विदेश मे बड प्रशंसा होइत छनि। गोदावरी दत्त के निधन पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, पर्यटन मंत्री नीतीश मिश्र आ जदयू सांसद संजय झा समेत कतेको गणमान्य लोक अपन शोक संवेदना व्यक्त कयलनि अछि।

———————————————————

राज्यसभाक बारह सीट पर उपचुनाव लेल नामांकन प्रक्रिया आइ सँ शुरू भऽ गेल। एहि मे बिहारक दू सीट सेहो सम्मिलित अछि। विदित अछि जे पाटलिपुत्र सीट सँ राजदक मीसा भारती आ नवादा सँ भाजपाक विवेक ठाकुर के लोकसभा चुनाव मे जीत भेलाक बाद ई सीट रिक्त भेल अछि। उपचुनाव लेल नामांकनक अंतिम तारीख एक्कैस अगस्त अछि। सत्ताईस अगस्त धरि उम्मीदवार अपन नाम वापस लऽ सकताह। मतदान तीन सितम्बर के होयत आ उएह दिन भोटक गिनती कयल जायत। एनडीए दिस सँ उपेन्द्र कुशवाहा के राज्यसभा उपचुनाव लेल उम्मीदवार घोषित कयल गेल अछि।

---

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र आ पड़ोसी राज्य मे भऽ रहल बरखाक कारणे प्रदेशक अधिकांश नदी उफान पर अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर पटनाक दीघाघाट, गांधीघाट आ हाथीदह मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। भागलपुरक कहलगांव मे सेहो गंगा नदीक जलस्तर खतराक निशान सँ सत्तासी सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। कोसी नदी कटिहारक कुर्सेला मे खतराक निशान सँ तिरानवे सेंटीमीटर आ खगड़ियाक बलतारा मे एक सय सत्ताईस सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। बूढी गंडक नदीक जलस्तर खगड़िया मे खतराक निशान सँ अंठानवे सेंटीमीटर ऊपर जखनकि बागमती नदीक जलस्तर मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान सँ चौरानवे सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि।

---

समाप्त